This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

vaynakh
the vault

# Марха кхабаран дозалла

*Гулдинарг: Нурдин кIант Iадлан*

www.heham.tv

# Дешхьалхе

Вай бусалба кхоьллина, цул тӀаьхьа Мухьаммадан (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам)умматах динчу АллахӀна бу-кх хастам. Шен къинхетам боккха хиларна, Шен комаьршо шорта хиларна, вайна совгӀатна беркате, сийлахь-беза мархийн бутт белла, цул тӀаьхьа къаьсттина вайн умматана цу мархийн баттахь эзар баттал еза йолуш лайлатул-къадр буьйса йина волчу АллахӀна хуьйла хастамаш кху лаьттан букъ тӀехь меттах мел хьуьш йолчу хӀуманан цӀарах. АллахӀера салаваташ а, маршо а хуьйла дерриг Ӏаламех къинхетам беш ваийтина волчу, цу мархийн баттаца а, цу езачу лайлатул-къадр буьйсанца а вайна кхаъ баьккхина волчу, пайхамарашна юккъехь уггар веза пайхамар вина, элчанашна юккъехь хаьржинарг а вина, АллахӀа Шен доттагӀ аьлла билгалвинчу Мухьаммадна а, цуьнан охӀланна а, цунна тӀаьхьа мел баьзначарна а.

**Цул тӀаьхьа!** КӀеззигчу вай вовшахтоьхначу кху йозанах вайн йолу Ӏалашо жимма дина а мархийн беттан дозалла билгалдар ю, тахана дуккха нах хаалон дела, цу мархийн беттан дала ма-дезза хьакъ дӀа ца луш эр дац ас, цу мархийн беттан терго ца еш а эр дац ас, амма и мархийн бутт букъа тӀехьа кхоьссина! Шеко яц ишттачу нахана евзуш цахилар цу беркатечу беттан АллахӀна гергара лаккхара меттиг. Царна хууш делхьара мархийн бутт хилар АллахӀа сийлахь долу Шен Къуръан доссийна бутт! Царна хууш делхьара **«марха Сан ду, цунах бекхам айса бийр бу Ас»** аьлла АллахӀа къастийна Ӏамал и марха хилар! Царна хууш делхьара ялсаманин неӀарш дӀайоьллу бутт мархийн бутт

хилар! Царна хууш делхьара жоьжахатих ларвеш турс а, гІап а марха кхабар хилар! Царна хууш делхьара иштта кхидІа долу а цу беттан дозалла, тІаккха ца хила мегара царах дукхахберш мархийн баттана букъ берзош, я мархийн бутт тІебогІуш боккха лам шена тІебужуш санна иза базлуш а ца хила мегара-кх, хила мегара-кх царах дукхахберш мархийн бутт кхабарехь хьалхарчу магІарехь лаьтташ. Цундела ма-дарра цу мархийн беттан дозалла вайга билгалдалур дацахь а, цхьадерг довзийта хьовсур ду вай, шаьш-шайна доцу бахьанаш лоьхуш мархийн бутт ца кхобуш леларш кІезга хиларе сатуьйсуш.

Хаттар-жоп долуш хІоттийна вай хІара, кхета атта хилийта а, кхузахь вай далийначу аятера, хьадисера цхьайолу меттигашна тІе тидам а бахийтархьама.

ДаІи́ф цхьа а хьадис ца далийна вай кху юккъе, АллахІна веша елла чІагІо кхочушъеш, даІи́ф долу хьадис тоьшаллина лела ца дан. Ткъа хІора хьадис муьлха жайнахь ду а, иза сахьихь динарг мила а ву билгалдина вай. Амма дукха хьолехь Шайх Алба́нина тІетевжина вай хьадис сахьихь динарг схьавалорехь, делахь а, и бохург дац Шайх Алба́ний воцчо уьш сахьихь ца дина, коьрта дерг хьадис бух болуш ду я дац билгалдалар ду, цундела кхин дах ца далархьама, и цхьаъ валош дитина вай. Иштта хьадис дийциначех а цхьа жайна хьахош тІехдевлла вай, изза Іалашо кхочушъеш.

Ткъа кхузахь мархийн бутт аьлла къастош деъна мел доцчунна юккъе кхин долу муьлхха суннат марха кхабар доьду.

АллахIе доьху ас хIара жайна беркате дар а, кху жайнара сан гIалат билгалдеш хаам бинчух къинхетам бар а.

АллахIа боху Шен сийлахьчу Къуръанчохь: **«Къуръанан ойла ца йо те цара? Ткъа иза АллахI воцчуьнгара хиллехьара, цу чохь дукха а цхьаьнацадараш карор ма дара царна».**[1]

Вайна цу áятах билгалдолу, гIалат хиларх лардинарг АллахIан Къуръан бен цахилар.

[1] Сурат: Нисáъ, áят: 82

**1-ра хаттар:** АллахӀа гечдар а, Цуьнан ялсамани а езий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, АллахӀа геч а дина, ялсамани лур ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

АллахӀа боху Шен сийлахьчу Къуръанчохь: **«Баккъал а, бусалба стегаршна а, зударшна а, муъмин стегаршна а, зударшна а, АллахӀна Ӏибадат дарна чубоьллачу стегаршна а, зударшна а, бакълуьш болчу стегаршна а, зударшна а, собаре болчу стегаршна а, зударшна а, кхера ма-безза АллахӀах кхоьруш болчу стегаршна а, зударшна а, сагӀийна хӀума луш болчу стегаршна а, зударшна а, марханаш кхобуш болчу стегаршна а, зударшна а, шайн бехке меттигаш хьарамчух ларъеш болчу стегаршна а, зударшна а, дуккха а АллахӀ хьехош болчу стегаршна а, зударшна а[2] АллахӀа кечдина гечдар а, йоккха хин йолу ял а».**[3]

-Ибн Касӣра (АллахӀа къинхетам бойла цунах) аьлла: **««Йоккха хин йолу ял» бохучух лууш дерг - ялсамани ю».**[4]

---

[2] Абу СаӀӣда а, Абу ХӀурайрата а (АллахӀ реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: **«Буьйсанна хьала а гӀаьттина, шен хӀусамнана а самаяьккхина, цушиммо ламаз дахь, «дуккха а АллахӀ хьехош болу стегаршна а, зударшна а» бохучу дешнашна юкъагӀур ду и шиъ».** Сахьӣхь: Абӯ Да́вӯд: 1451. Алба́нис сахьӣхь дина «Сахьӣхь таргӀӣб ват-тархӀӣб» жайнахь: 626

[3] Сурат: Ахьза́б, а́ят: 35

[4] Тафсӣр ибн Касӣр, агӀо: 11/167

-СаӀи́д ибн Жубайра (АллахӀа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Мархийн бутт а, хӀора баттахь кхо марха а кхаьбнарг «марханаш кхобуш болу стегаршна а, зударшна а» бохучу дешнашна юкъагӀур ву».**[5]

-Ткъа хӀун хир дара АллахӀа гечдарал а, Цуьнан ялсаманел а доккха?! Нагахь и шиэ хьуо дезаш велахь, марханаш кхобучех хила, лаххара барам АллахӀа фарз бина тӀебиллина болу мархийн бутт мукъна а.

**2-гӀа хаттар:** АллахӀа хьайна ялсаманица кхаъ бькккхинчех хила лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхобучех хила, АллахӀа шайна ялсаманица кхаъ боккхур болчеран Ӏамалех цхьаъ ю хьуна иза, цуьнан тоьшалла:

АллахӀа боху Шен сийлахьчу Къуръанчохь: **«Шайн къиношна АллахӀе гечдар доьхурш, Ӏибадатна чубоьлларш, АллахӀна хастам бийриш, марханаш кхобурш, рукуӀаш дийриш, сужудаш дийриш,[6] нахе дика дерг де олурш, вон дерг нахе ма де олурш, АллахӀан дазонаш лардийриш - муъмин нахе кхаъ баккха ахь».**[7]

---

[5] Тафси́р ибн Каси́р, агӀо: 11/165
[6] Ламазаш дар ду «рукуӀаш, сужудаш дар» бохучух лууш дерг
[7] Сурат: ТавбахӀ, а́ят: 112

-Шайх Абу-Бакр Жаза́ирис (АллахӀа къинхетам бойла цунах) аьлла: **««Муъмин нахе кхаъ баккха ахь» ялсаманица».**[8]

-Ибн Каси́ра (АллахӀа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Ӏамалех уггар езачех ю марха кхабар».**[9]

-Хьасан Басрис (АллахӀа къинхетам бойла цунах) аьлла: **««Марханаш кхобурш» бохучехь лууш берш - мархийн бутт кхобурш бу».**[10]

-Ткъа хӀун хала ду дийно-сарралц марха кхобуш меца Ӏан, АллахӀа шайна ялсаманица кхаъ боккхур болчеран Ӏамалех цхьаъ и хилча?!

**3-гӀа хаттар:** 83 шарахь 4 баттахь сов Ӏибадат дича санна ял езий хьуна?

**Жоп:** Мархийн баттахь лайлатул-къадр буьйса ларъе Ӏибадат дарца, цу буса Ӏибадат дар нислахь, 83 шарахь 4 баттахь Ӏибадат динчул сов ял хир ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

АллахӀа боху Шен сийлахьчу Къуръанчохь: **«Баккъал а, Оха Къуръан доссийна лайлатул-къадр буса. Ткъа «лайлатул-къадр буьйса» бохург хӀун ду хаьий хьуна? Лайлатул-къадр буьйса гӀоли ма ю эзар баттал а. Оцу буса, шайн Делан пурбанца, охьадуьссу маликаш а,**

[8] Айсарут-тафа́си́р, агӀо: 1/707
[9] Тафси́р ибн Каси́р, агӀо: 7/292
[10] Тафси́р ибн Каси́р, агӀо: 7/293

**Жабра́йл а, Цуьнан омранаш а дохьуш. Маршо ю-кх иза сатассалц».**[11]

-Эзар баттал гIоли ю цхьа лайлатул-къадр буьйса боху АллахIа, ткъа эзар бутт шерашца лаьрча 83 шо 4 бутт нисло, Шайх Абу-Бакр Жаза́ирис а (АллахIа къинхетам бойла цунах) цунах дерг иштта билгал ма-дарра.[12] Оццул еза буьйса шена чохь ярца АллахIа базбина и мархийн бутт.

Шайх Iусайми́на (АллахI къинхетам бойла цуьнах) аьлла, «Лайлатул-къадр буьйса гIоли ма ю эзар баттал а» бохучу аятах дерг билгалдеш: **«(ГIоли ю иза эзар баттал а) еза хиларехь, сийлахь хиларехь, мела, ял алсам хиларехь, цундела ду, и ял хиларх тешаш волуш, АллахIа шена и яларе сатуьйсуш волуш, и денйиначун дIа мел даханчу къиношна гечдеш».**[13]

-Лайлатул-къадр буьйсанна ахь дина ламаз 83 шарахь 4 баттахь динчу ламазел деза лоруш ду!

Лайлатул-къадр буьйсанна ахь дешна Къуръан 83 шарахь 4 баттахь ахь Къуръан дешарал деза лоруш ду!

Лайлатул-къадр буьйсанна ахь муьлхха кепара Дела хьехор 83 шарахь 4 баттахь ахь Дела хьехорал деза лоруш ду!

Лайлатул-къадр буьйсанна ахь сагIийна елла хIума 83 шарахь 4 баттахь ахь сагIанаш дахарал деза лоруш ду!

---

[11] Сурат: Къадр, аят: 1-5
[12] Айсарут-тафа́си́р, агIо: 3/722
[13] Мажа́лису шахIри рамада́на, агIо: 81

Лайлатул-къадр буьйсанна ахь хьайн дений-нанний дина хазахетар 83 шарахь 4 баттахь цушинна ахь динчу хазахетарел деза лоруш ду!

Лайлатул-къадр буьйсанна хьайн дений-нанний хьо муьтIахь хилар 83 шарахь 4 баттахь хьо цушинна муьтIахь хиларал деза лоруш ду!

Цундела жим-жимма бен ца дахь а, шен ницкъ мел кхочу массо кепара Iибадат дан хьажа веза мархийн баттахь хIора буьйсанна, Имам Абу Хьани́фата (АллахIа къинхетам бойла цунах),[14] иштта кхиболчу Iеламнаха а[15] дийцина хиларна лайлатул-къадр буьйса мархийн баттахь муьлхха буьйса хила тарлуш ю аьлла.

Лайлатул-къадр буьйса мархийн баттахь муьлхха буьйса хила йиш хилар, цахилар, я цу хьокъехь нийсох дерг муьлхург ду билгалдар яц вайн кхузахь йолу Iалашо, делахь а, вайна коьрта дерг цу буьйсанан дозалле хьаьжча, цу буса дина Iибадат 83 шарахь 4 баттахь динчу Iибадатал деза хиларе хьаьжча, шарчохь цкъа бен богIуш а боцу мархийн беттан буьйсанаш денъян, ерриге буьйса ца денъяхь а, буьйсанан цхьа дакъа мукъна Iибадатна дIалуш мархийн бутт баккха хIун хала ду бохучу хаттарна жоп ду-кх вайна коьрта дерг. Даггара цу лайлатул-къадр буьйсане кхача лууш волчунна цхьа а хала хIума дац-кх иза, цхьа чIогIа хьайна дезаш, чIогIа оьшуш долу дуьненан хIума дукха лерина лар ма дой ахь, цунах хьуо валарна кхоьруш,

[14] Тафси́р ибн Каси́р, агIо: 14/410
[15] Фатхьул-ба́рий, агIо: 5/464

хьалхxе дуьйна цунна кечам а беш, цунах хьуо валарна сагатдеш, иштта доггаха лелаш волчунна цхьа а хала хIума дац шарчохь богIуш болу цхьа мархийн бутт ерриге буьйсанаш денъеш баккха! КIезиг хIума ма дац, цхьана буьйсанна дина Iибадат 83 шарахь 4 баттахь динчу Iибадатал деза лору бохург. 83 шарахь кху дуьненчохь вехаш верг цхьа кIеззиг бен ма ца хуьлу кху заманахь, оццул ваьхча а хьайн дахарехь мел дина долу Iибадат вовшахтоьхча мел хан нислур ю хьан Iибадатехь яхнарг?! 80 шарахь хьо ваьхча, дийнахь 6 сахьтехь бен ахь наб ца йича а, нийсса 20 шо наб еш дIадаьлла-кх хьан, ткъа вайх дукхахберш дийнахь 10-15 сахьтехь наб еш хир бу аьлча харц ца хила мега! Доцца аьлча, хIоранна ша дика вевзу, чIогIа кIезиг Iибадат шен вовшахкхетар дарий хаьа хIоранна оццул ханчохь ша ваьхча а, ткъа оцу лайлатул-къадр буьйсанна Iибадат деш хьо нисвелча 83 шо 4 бутт сов хан оцу Iибадатехь яьккхича санна нислуш ду хьан. Масала, оцу буса ахь ламазаш бен ца динехь, 83 шарахь 4 баттахь сов юкъара ца волуш буьйсанна ламазаш дича санна ял ю хьуна АллахIна гергахь, иштта Къуръан дешча, иштта Дела хьехийча, иштта доIа дича, иштта кхин муьлхха Iибадат дича а. ТIаккха ойла ехьа, мархийн баттахь хIора буса, 11 ракаIат бен ца дахь а, тахIажжуд деш, цхьа жуз бен ца дешахь а, Къуръан доьшуш, сом бен ца лахь а, сагIийна хIума луш, цхьа дош аьлла бен ца дахь а, дений-нанний хазахетар деш, шина минотехь бен ца дахь а, доIа деш, цхьа бIе бен ца диллахь а, Пайхамарна (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) салават дуьллуш, цхьа бIе бен ца алахь а, «ла́ илахIа иллаллахI» олуш, цхьа бIе бен ца алахь а, «субхьа́наллахIи

вабихьамдихIи» олуш, цхьа бIе бен ца алахь а, «астагIфируллахIа ва атýбу илайхIи» олуш, цхьа бIе бен ца алахь а, «лá хьавла ва лá къуввата илла биллахI» олуш, иштта кхидIа а муьлхха кепара Дела хьехаварца, я кхин муьлхха кепара АллахIна Iибадат дарца, ерриге буьйса сема ца яккхахь а, вай хьаха ма-дарра, жим-жимма дина а бес-бесара Iибадат дарца мархийн баттахь хIора буьйсанна цхьа дакъа АллахIна ахь дIаделча, цул тIаьхьа мархийн бутт дIабаьлча цхьа а шеко йоцуш билггал хаьа-кх хьуна цу лайлатул-къадр буьйсанна Iибадат динчарна юккъахь хьуо нисвеллий, мархийн баттахь ерриге буьйсанаш ахь иштта дIаяьхьнехь ца нисвала йиш ма яций, царах цхьаъ хила езаш ма яй иза, ойла ехьа тIаккха, АллахIна гергахь мел Iибадат вовшахкхета хьан?! 83 шарахь 4 баттахь сов юкъара ца волуш хIора буса 11 ракаIат тахIажжудаш дича санна, 83 шарахь 4 баттахь сов юкъара ца волуш хIора буса цхьа жуз Къуръан дешча санна, 83 шарахь 4 баттахь сов юкъара ца волуш хIора буса сагIийна сом делча санна, иштта кхидIа а, оццул долчу дозалле кхачархьама мархийн баттахь хIора буьйса, ерриге ца денъяхь а, вай ма-дийццара, жим-жимма дина а бес-бесара Iибадаташ деш хIора буьйсанах цхьа дакъа дIадала дуй тIаккха хала?! Хила йиш-м яц, даггара шен эхартана сагатдеш волчунна!

Ткъа и лайлатул-къадр буьйса тIаьххьарлера итт дийнахь шалза терахьашца ларъеш Iаш верг-м цхьа миска ву, хIунда аьлча цунна ца хаьа, тахана шала буьйса ю, лайлатул-къадр буьйса тховса хир яц аьлла, ша паргIат волуш, кхечу махкахь иза шалза буьйса юй, марха хьалха-тIаьхьа лацаре

хьаьжжина иза нислуш ма-хиллара. Ткъа лайлатул-къадр буьйса-м ма яц шарахь дуьнен чохь цкъа бен хуьлуш. Цундела хьо волчехь шала буьйса ю алий паргІат ма вала, хьо волчу махкал цхьа де хьалха я цхьа де тІаьхьа марха лаьцначу махкахь шалза буьйса хуьлу иза, хьо волчехь шала елахь а.

Мархийн баттахь билггал муьлхург ю лайлатул-къадр буьйса вайна ца довзийтаран хьикмат ду цу баттахь Іибадат дарехь алсам вайга къахьегийтархьама, иза муьлхург ю хууш хилча нийсса оцу цхьана буса Іибадат дарехь алсам къа а хьегна, кхидІа мало йийр яра Іибадатна. Ткъа билггал муьлхург ю хууш цахиларна дийна баттахь къахьоьгу Іибадатехь, царах муьлхха а хила тарлуш долун дела, амма тІаьххьара итт дийнахь кхин алсам къахьоьгу, цу итт дийнахь хилар кхин а герга долун дела, ибн Касúра а,[16] ибн Хьажар Іаскъалáнис а,[17] Шайх Іусаймúна а[18] (АллахІа къинхетам бойла царах) цунах дерг иштта билгал ма-дарра.

-Ткъа лайлатул-къадр буьйсанна дитташ охьадуьйшу, хиш дукъло, сема волчунна наб кхета бохуш, цу тайпа долу къамелаш дерриг шайн цхьа а бух боцуш къамелаш ду.

-Лайлатул-къадр буьйса маьркІаж-хенахь дІайолалой, Іуьйра ламазан хан хиллалц лаьтташ ю, вайна юкъахь дуьйцуш даьржина ма-хиллара сихха дІайолуш яц.

---

16 Тафсúр ибн Касúр, агІо: 14/415
17 Фатхьул-бáрий, агІо: 5/463
18 Мажáлису шахІри рамадáна, агІо: 83

**4-гIа хаттар:** Маликаша хьайга салам дала лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн баттахь лайлатул-къадр буьйса ларъеш маьждиг чохь саца, АллахIна Iибадат а деш, тобанашкахь маликаша салам лур ду хьоьга, цуьнан тоьшалла:

Имам ШаIбис (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: **««Цуьнан омранаш а дохьуш. Маршо ю-кх иза сатассалц»** [19] **бохучун маьIна - сатассалц маликаша саламаш ло маьждигаш чохь болчаьрга».**[20]

Имам ибнул-Iарабис (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: «**Маликаша муъмин нахе салам ма ло лайлатул-къадр буьйсанна сатассалц, Мужа́хIида а, Къата́дата а аьлла иза».**[21]

-Кхин хIун дозалла оьшура хьуна, бIаьрг-негIар тоххал йолчу ханчохь а АллахIна Iеса хуьлуш доцу маликаш тобанашкахь хьайга салам луш тIехдийлича?! Оцу маликашна юккъехь а АллахIа даздина долу, АллахIера хаамаш пайхамарашна схьакхачош тIехIоттийна долу Жабра́йл малико а хьайга салам делча кхин хIун оьшура хьуна?! Оцу дозалле кхачархьама лайлатул-къадр буьйса ларош, маьждиг чохь итт буьйса муха йоккхур яцара?!

[19] Сурат: Къадр, аят: 4-5
[20] Тафси́р ибн Каси́р, агIо: 14/407
[21] Ахька́мул-Къуръан, агIо: 4/440

**5-гӀа хаттар:** Къуръан доссийна бутт муьлхург бу хаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт бу хьуна, цуьнан тоьшалла:

АллахӀа боху Шен сийлахьчу Къуръанчохь: **«Мархийн бутт, шена чохь Къуръан доссийна болу, нахана нийсо а, нийса дерг къастош билгалонаш а ю, ткъа мархийн батте ша ваьллачо кхобуьйла иза».**[22]

-Къуръан мархийн баттахь доссийна хиларна тӀехь Ӏеламнехан къовсам а бац, массо Ӏеламнаха боху иза мархийн баттахь доссийна ду. Делахь а, Ӏеламнехан къовсам иза мархийн баттахь доссийна бохучух лууш дерг Маккахь дуьххьара Пайхамарна (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) тӀедоссо долор ду я лайлатул-къадр буьйсанна дерриг Къуръан дуьненан стигал тӀе доссор ду цигахь дуьйцург аьлла, цу тӀехь къовсам хилла, Шайх Ӏабдул-Ӏази́з ибн Марзу́къ ТӀари́фис а (АллахӀа Ӏалашвойла иза) цунах дерг иштта билгал ма-дарра.[23] Ткъа нийсох дерг - цу аятехь дуьйцург мархийн баттахь лайлатул-къадр буьйсанна дерриг Къуръан дуьненан стигал тӀе доссийна хилар ду, цул тӀаьхьа Пайхамарна (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) оьш-оьшшучехь жим-жимма 23 шарахь охьадоссийна.

-Массо хӀума кхоьллина волу, дерриг Шен керахь долу, массо хӀуманна ницкъ кхочуш волчу АллахӀан къамел долу Къуръан а цу баттахь доссийна, базбина болу, шарахь цкъа

[22] Сурат: БакъарахӀ, аят: 185
[23] Тафси́р вал-байа́н, агӀо: 1/224

бен богӀуш а боцу, и кхабар АллахӀа фарз дина, тӀебиллина а болу мархийн бутт муха кхобур бац тӀаккха?!

**6-гӀа хаттар:** АллахӀна бен шен барам ца хууш болу бекхам безий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, АллахӀна бен шен барам ца хууш болу бекхам хир бу хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу ХӀурайрата (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: **«ХӀора Адаман тӀаьхьенах волчун Ӏамал совйоккхуш ю, цхьа дика иттане сов а доккхуш, ворхӀ бӀене кхаччалц. Сийлахь-Тоьлла волчу АллахӀа боху: «Марха доцург! Ткъа иза Сан ду, цунах бекхам Ас-айса бийр бу, шен дегӀан лаам а, кхача а Сан дуьхьа буьту цо (марха кхобуш)»».**[24]

-Имам Нававис (АллахӀа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Кху хьадисах билгалдолу марханан дозалла доккха хилар».**[25]

ХӀара хьадис Имам Ахьмада дийцина кхечу кепара, Абу ХӀурайрата (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: **«Марха долчун багара йогӀуш йолу хьожа АллахӀна гергахь хазох ма ю мискан хьожанал а. Сийлахь-Тоьлла волчу шун Дала боху: «Сан лено шен дегӀан лаам а, кхача а,**

[24] Сахьи́хь: Муслим: 1151
[25] МинхӀа́ж фи́ шархьи сахьи́хьи муслим, агӀо: 8/28

**мерг а Iадйитина-кх Со резавархьама, ткъа марха-м Сан ду, Ас бийр бу цунах бекхам»».**[26]

-Цу шина хьадисехь билгал ца бина марха кхаьбначунна хин болу бекхам, кхийолчу Iамалийн бекхам иттане, ворхI бIене кхаччалц совболу аьлла билгалбечу хенахь. Ткъа марха кхабаран бекхам билгал ца баро гойту цу мархийн бекхам дукха боккха хилар, АллахIна бен цуьнан барам ца хууш, цо цхьанна а бовзийтина боцуш. ТIаккха оццул болу боккха бекхам АллахIа шена кечбина хилча, цхьа кIеззиг хало ловш, марха кхаба хIун хала ду?!

**7-гIа хаттар:** 2100 шарахь некъ балла юкъана жоьжахати хьайх генаяккха лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхаба, 2100 шарахь некъ балла юкъана АллахIа жоьжахати генайоккхур ю хьох, цуьнан тоьшалла:

Абу СаIи́да (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) олуш хезира шена аьлла: **«АллахIан новкъахь цхьа марха кхаьбначунна, АллахIа цуьнан юьхь жоьжахатих генайоккхур ю 70 шарна».**[27]

-Цхьа марха кхаьбначунна 70 шарахь некъ балла юкъана жоьжахати генайоккхуш хилча, ахь мархийн бутт кхаьбча 2100 шарахь некъ балла юкъана жоьжахати генайоккхуш нисло-кх. ТIаккха ойла ехьа, хIора шарахь мархийн бутт бен ахь кхин марханаш ца кхаьбча а, жоьжахати хьох мел генайолу!

[26] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 9138. Арнау́тIа сахьи́хь дина
[27] Сахьи́хь: Буха́рий: 2840

**8-гІа хаттар:** 3000 шарахь некъ балла юкъана жоьжахати хьайх генаяккха лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхаба, 3000 шарахь некъ балла юкъана АллахIа жоьжахати генайоккхур ю хьох, цуьнан тоьшалла:

Іукъбат ибн Іáмира (АллахІ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахІан Элчано (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) элира аьлла: **«Сийлахь-Тоьлла волчу АллахІан новкъахь цхьа марха кхаьбначух АллахІа жоьжахати генайоккхур ю бІе шарахь некъ балла юкъана».**[28]

-Цхьа марха кхаьбначунна бІе шарахь некъ балла юкъана жоьжахати генайоккхуш хилча, ахь мархийн бутт кхаьбча 3000 шарахь некъ балла юкъана жоьжахати генайоккхуш нисло-кх. ТІаккха ойла ехьа, хІора шарахь мархийн бутт бен ахь кхин марханаш ца кхаьбча а, жоьжахати хьох мел генайолу!

**9-гІа хаттар:** Стигал кху латтанах санна жоьжахати хьайх генаяккха лаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, стигал кху латтанах санна АллахIа жоьжахати генайоккхур ю хьох, цуьнан тоьшалла:

Абу Умáмат БáхІилис (АллахІ реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) элира аьлла: **«АллахІан новкъахь цхьа марха кхаьбначунна, АллахІа**

[28] Хьасан: Насáий: 2254. Албáнис хьасан дина «Сахьи́хьул-жáмиІ» жайнахь: 6330. (Хьасан хьадис – сахьи́хь долчул лахара долуш, даІи́ф дарже охьакхаьчна доцуш, амма тоьшаллина дало мегаш дерг ду)

**цунний, жоьжахатний юккъехь ор дийр ду, стигалний, латтаний санна юкъ йолуш».**[29]

-Цхьа марха кхаьбначунна стигал кху латтанах санна АллахIа жоьжахати генайоккхуш хилча, ахь мархийн бутт кхаьбча мел гена йолу иза хьох?! ТIаккха ойла ехьа, хIора шарахь мархийн бутт бен ахь кхин марханаш ца кхаьбча а, жоьжахати хьох мел генайолу!

## **10-гIа хаттар:** Жоьжахатих ларвала турс дезий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, жоьжахатих ларвала турс хир ду хьуна эхартахь, цуьнан тоьшалла:

Iусма́на (АллахI реза хуьйла цунна) аьлла, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) олуш хезира шена аьлла: **«Марха цIерах ларвеш турс ду, тIамах ларлуш аша лелош долу турс санна».**[30]

ХIара хьадис Имам Ахьмада дийцина кхечу кепара, МутIаррифа дийцира аьлла, ша Iусма́н ибн Абу Iа́с волче вахара, эмкалан шура кховдаяйтира цо шена, ша цуьнга элира: **«Сан марха ду».** ТIаккха Iусма́на элира: «АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) олуш хезна суна**: «Марха турс ду АллахIан Iазапах ларвеш, тIамах ларлуш аша лелош долу турс санна»».**[31]

---

[29] Хьасан: Тирмизий: 1624. Албáнис хьасан дина «Сахьи́хь таргIи́б ват-тархIи́б» жайнахь: 1258
[30] Сахьи́хь: Насáий: 2231. Албáнис сахьи́хь дина «Сахьи́хьул-жáмиI» жайнахь: 3879
[31] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 17909. АрнаýтIа сахьи́хь дина

-Дуьненчохь валарх ларлуш тIамехь айхьа турс лела мадарра, эхартахь жоьжахатих ларвала турс дезаш хьуо велахь, АллахIа фарз бина тIебиллина мархийн бутт мукъна кхобуш хила.

**11-гIа хаттар:** Ялсаманин «Райййа́н» олучу неIарехула чуваха лаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, ялсаманин «Райййа́н» олучу неIарехула чугIур ву хьо, цуьнан тоьшалла:

СахIл ибн СаIда (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Ялсамани чохь «Райййа́н» олуш неI ю, къематдийнахь цу чу марханаш кхаьбнарш гIур бу, цаьрца кхин цхьа а гIур вац цу неIарехула, уьш бен, кхайкхам бийр бу: «Мичахь бу марханаш кхаьбнарш?», - аьлла. ТIаккха уьш цу чу гIур бу, ткъа царах тIаьххьара верг чувахча дIакъовлур ю иза, цу неIарехула кхин цхьа а цу чу гIур воцуш».**[32]

-Имам Нававис (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Кху хьадисо мархийн дозалла а, марха кхобучеран ларам хилар а гойту».**[33]

ХIара хьадис Имам Буха́рис дийцина кхечу кепара, СахIл ибн СаIда (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Ялсаманин**

[32] Сахьи́хь: Муслим: 1152
[33] МинхIа́ж фи́ шархьи сахьи́хьи муслим, агIо: 8/30

**бархI неI ю, царах цхьаъ ю «Райййа́н» олуш, цу чу марханаш кхобуш хилларш бен гIур бац».**[34]

Иштта хIара хьадис Имам Наса́ис а дийцина кхечу кепара, СахIл ибн СаIда (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Марханаш кхобуш хиллачарна ялсаманехь «Райййа́н» олуш неI ю, уьш боцурш цу чу кхин цхьа гIур воцуш, царах тIаьххьара верг чувахча дIакъовлур ю иза, цу чу воьдучо мер ду, цкъа мелларг кхин цкъа а хьаглур вац».**[35]

-АллахIа оццул ларам бина марханаш кхобучеран, ялсаманехь царна шайна къаьсттина неI а еш, марханаш кхаьбнарш бен цу неIарехула чу гIур боцуш, ткъа АллахIа фарз бина тIебиллина мархийн бутт а кхобуш воцург муха гIур ву цу неIарехула ялсамане?!

**12-гIа хаттар:** Эхартахь хьайн самукъадала лаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, эхартахь АллахIа хьайна кечбина бекхам гина самукъадер ду хьан, цуьнан тоьшалла:

Абу СаIи́да (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Лекха а, Беркате а волчу АллахIа боху: «Марха Сан ду, цунах бекхам Ас бийр болуш бу, марха кхобуш волчунна шозза самукъадалар ду, ша марха даьстича самукъадолу**

---

[34] Сахьи́хь: Бухарий: 3257
[35] Сахьи́хь: Наса́ий: 2236. Алба́нис сахьи́хь дина «Сахьи́хь таргIи́б ват-тархIи́б» жайнахь: 979

**цуьнан, ша АллахӀна дуьхьалкхетта, Цо шена бекхам бича а самукъадер ду цуьнан»».**[36]

Ӏеламнаха аьлла: **«Шен Далла дуьхьалкхетча цуьнан дер долу самукъа, Цо шена бина бекхам гарца, Лекха волчу АллахӀа шена делла ниӀмат дагадарца хир ду, Цо марха кхаба шен аьтто барна. Ткъа марха даьстича цуьнан долуш долу самукъа, шен Ӏибадат кхочушхиларна, доха ца деш шега кхабадаларна хир ду, Цуьнан йоле ша сатуьйсуш волун дела».**[37]

-АллахӀна дуьхьалкхетча, Цо шена кечбина бекхам гина, долучу самукъанал доккха хӀун хир ду?! Ткъа АллахӀа фарз бина тӀебиллина мархийн бутт мукъна кхобуш воцург кхача йиш яц-кх оцу самукъане!

**13-гӀа хаттар:** Къемат-дийнахь мискан хьожанал а хаза хьожа ян лаьий хьуна хьайн багара?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, мискан хьожанал хаза хьожа хир ю къемат-дийнахь хьан багара йогӀург, цуьнан тоьшалла:

Абу ХӀурайрата (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: **«Мухьаммадан са Шен керахь долчуьнца дуй ма буу ас, марха кхобучун багара йогӀу хьожа къемат-**

---

[36] Сахьи́хь: Наса́ий: 2213. Алба́нис сахьи́хь дина «СилсилахӀ сахьи́хьахӀ» жайнахь: 3516

[37] МинхӀа́ж фи́ шархьи сахьи́хьи муслим, агӀо: 8/29-30

**дийнахь АллахIна гергахь хаза хир ма ю мискан хьожанал а».**[38]

-АллахIна гергахь оццул шен ларам хилийтархьама, фарз бина тIебиллина мархийн бутт мукъна кхаба хIун хала ду?!

**14-гIа хаттар:** Шега цхьа Iамал е алий омра де аьлча, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) омра динарг муьлха Iамал ю хаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхабар ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу Ума́мата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчане (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира ша: **«Цхьа Iамал е алий тIейиллахьа суна»**, - аьлла. Элчано элира: **«Марханаш кхобуш хила, царах тера Iамал ян яц хьуна»**. Ша элира юха а: **«ХIай АллахIан Элча, цхьа Iамал йиллахьа суна тIе»**. Элчано элира: **«Марханаш кхобуш хила, царах тера Iамал ян яц хьуна».**[39]

-Шена цхьа Iамал тIейилла аьлча, АллахIна гергара хьал уггар дика девзуш, Iамалех уггар гIоли ерг муьлхург ю хууш волчу Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIейиллина Iамал марханаш кхабар ю-кх, АллахIа фарз бина мархийн бутт мукъна муха кхобур бацара тIаккха?!

---

[38] Сахьи́хь: Муслим: 1151
[39] Сахьи́хь: Наса́ий: 2223. Алба́нис сахьи́хь дина «Сахьи́хь таргIи́б ват-тархIи́б» жайнахь: 986

**15-гIа хаттар:** Шена цхьа болх тIебилла аьлча, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIебиллина болх муьлхург бу хаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхабар бу хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу Ума́мата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элча (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) волче веъна, ша элира аьлла: **«Цхьа болх тIебиллахьа суна, ас иза хьоьгара схьа а эцна, лелор болуш».** Элчано элира: **«Марха кхобуш хила хьо, цунах тера хIума дан а дац хьуна».**[40]

-Шена цхьа болх тIебилла аьлча, АллахIна гергара хьал уггар дика девзуш, лелочу белхех уггар гIоли берг муьлхург бу хууш волчу Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIебиллина болх марханаш кхабар бу-кх, тIаккха муха кхобур бацара АллахIа фарз бина мархийн бутт мукъна?!

**16-гIа хаттар:** Шена АллахIа пайда бийр болуш лело хIума тIедилла аьлча, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIедиллинарг хIун ду хаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхабар ду хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу Ума́мат Ба́хIилис (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, ша элира аьлла: **«ХIай АллахIан Элча, цхьа омра дехьа соьга, АллахIа суна цунах пайда бийр болуш».** Элчано

[40] Сахьи́хь: Наса́ий: 2220. Алба́нис сахьи́хь дина «Сахьи́хьул-жа́миI» жайнахь: 4044

элира: «**Марханаш кхобийла ахь, цунах тера Іамал ян а яц хьуна».**[41]

ХІара хьадис Имам Ахьмада дийцина кхечу кепара, Абу Ума́мата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина: «АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) гIазоте вовшахтуьйхира, тIаккха ас и волче веъна элира: **«ХIай АллахIан Элча, АллахIе доIа дехьа суна, сох шахIид ве алий».** ТIаккха Элчано доIа дира: **«Я АллахI, хIонц яьккхина, маьрша юхабахкийта ахь хIорш».** ТIаккха оха гIазот дира, хIонц яьккхина, маьрша юха а даьхкира тхо. АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) шолгIа а гIазоте вовшахтуьйхира, тIаккха а ас и волче веъна элира: **«ХIай АллахIан Элча, АллахIе доIа дехьа суна, сох шахIид ве алий».** Элчано доIа дира: **«Я АллахI, хIонц яьккхина, маьрша юхабахкийта ахь хIорш».** ТIаккха оха гIазот дира, хIонц яьккхина, маьрша юха а даьхкира тхо. АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) кхоалгIа а гIазоте вовшахтуьйхира, тIаккха а ас и волче веъна элира**: «ХIай АллахIан Элча, тIекI-тIекIел шозза веъна-кх со хьуна тIе, АллахIе сох шахIид ве аьлла доIа дар доьхуш, ткъа ахь (хIоразза) олура-кх: «Я АллахI, хIонц яьккхина, маьрша юхабахкийта ахь хIорш», - хIай АллахIан Элча, дехьа суна доIа АллахIе, сох шахIид ве алий»**. ТIаккха Элчано доIа дира: **«Я АллахI, хIонц яьккхина, маьрша юхабахкийта ахь хIорш».** ТIаккха оха гIазот дира, хIонц яьккхина, маьрша юха а даьхкира тхо.

---

[41] Сахьи́хь: Наса́ий: 2221. Алба́нис сахьи́хь дина «Сахьи́хь таргIи́б ват-тархIи́б» жайнахь: 986

ТӀаккха цул тӀаьхьа юха а веара со цунна тӀе, ас элира: **«ХӀай АллахӀан Элча, цхьа Ӏамал мукъна йийцахьа суна, хьоьгара схьаэцна сайна лело, АллахӀа цунах суна пайда бийр болуш».** Элчано элира: **«Марха кхобуш хилалахь, и санна Ӏамал ян а яц хьуна»»**. Цул тӀаьхьа Абу Умáмат а, цуьнан хӀусамнана а, цуьнан хьадалча а марханаш кхобучера севцца ган ма ца гора, дийнахь церан хӀусамехь летта цӀе я кӀур гича нахана хаьара царна тӀе хьаша воьссний.[42]

-Шена АллахӀа пайде дийр долу хӀума тӀедилла аьлча, АллахӀна гергара хьал уггар дика девзуш, пайде долчух уггар гӀоли дерг муьлхург ду хууш волчу Пайхамара (саллаллахӀу Ӏалайхӏи ва саллам) тӀедиллинарг марханаш кхабар ду, тӀаккха муха кхобур бацара АллахӀа фарз бина мархийн бутт мукъна?!

**17-гӀа хаттар:** Шега уггар еза Ӏамал йийца аьлча, Пайхамара (саллаллахӀу Ӏалайхӏи ва саллам) йийцинарг муьлха Ӏамал ю хаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхабар ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу Умáмата (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахӀан Элчане (саллаллахӀу Ӏалайхӏи ва саллам) ша хаьттира аьлла: **«Муьлха Ӏамал ю уггар езаниг?».** Элчано

[42] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 22195. Арнаýтӏа сахьи́хь дина

элира: **«Марха кхобийла ахь, цунах тера Iамал ян яц хьуна»**».[43]

-Шега уггар еза Iамал муьлхург ю аьлла хьаьттича, АллахIна гергара хьал уггар дика девзуш, езчу Iамалех уггар гIоли ерг муьлхург ю хууш волчу Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) йийцина Iамал марханаш кхабар ю, тIаккха муха кхобур бацара АллахIа фарз бина мархийн бутт мукъна?!

**18-гIа хаттар:** Шега ялсамане вуьгур волу Iамал йийца аьлча, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) йийцина Iамал муьлхург ю хаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхабар ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу Уму́мата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элча (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) волче веана, ша элира аьлла: **«Цхьа Iамал йийцахьа суна, цу Iамало со ялсамане вуьгур волуш».** ТIаккха Элчано элира: **«Марха кхобуш хила, цунах тера Iамал ян яц хьуна».** Цул тIаьхьа юха а веара ша (ялсамане вуьгур волу Iамал йийцахьа аьлла). ШолгIа а элира Элчано: **«Марха кхобуш хила».**[44]

-Шена ялсамане вуьгур волу Iамал йийца аьлча, АллахIна гергара хьал уггар дика девзуш, Iамалех уггар дика ялсамане кхачон ерг муьлхург хир ю хууш волчу Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIейиллина Iамал

---

[43] Сахьи́хь: Наса́ий: 2222. Алба́нис сахьи́хь дина «СилсилахI сахьи́хьахI» жайнахь: 1937
[44] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 22149. Арнау́тIа сахьи́хь дина

марханаш кхабар ю-кх, тӀаккха муха кхобур бацара АллахӀа фарз бина мархийн бутт мукъна?!

**19-гӀа хаттар:** Къемат-дийнахь шафаӀат дезий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, къемат-дийнахь цара шафаӀат дийр ду хьуна, цуьнан тоьшалла:

ӀабдуллахӀ ибн Ӏамра (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахӀан Элчано (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: **«Мархано а, Къуръано а къемат-дийнахь лена шафаӀат дийр ду, мархано эр ду: «ХӀай сан Дела, дийнахь хӀумаяарх а, дегӀан лаамах а юхатухура-кх ас иза, дайтахьа соьга цунна шафаӀат». Къуръано а эр ду: «Буьйсанна набарх юхатухура-кх ас иза, соьга а дайтахьа цунна шафаӀат». ТӀаккха цушиммо шафаӀат дийр ду».**[45]

-Шена орцах вала цхьа а воцуш, адам холчахь долчу дийнахь, шена шафаӀат хилийтархьама хӀун хала ду АллахӀа фарз бина тӀебиллина мархийн бутт мукъна кхаба?!

**20-гӀа хаттар:** Ялсаманин неӀарш дӀайоьллу бутт муьлхург бу хаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт бу хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу ХӀурайрата (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина: «Пайхамара (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) мархийн

---

[45] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 6626. Албáнис сахьи́хь дина «Сахьи́хь таргӀи́б ват-тархӀи́б» жайнахь: 1429

баттахь буьйса (Іибадат деш) денъяр хаздора, нуьцкъалла тІе ца дуьллуш. Цо олура: **«Мархийн бутт тІебеъча ялсаманин неІарш дІайоьллу»**».[46]

-Мархийн баттахь ахь дина муьлххачу а диканах ял алсам хуьлуш ю, иштта ахь дина муьлххачу а вонах къа а алсам хуьлуш ду.

-Ткъа мархийн баттахь ялсаманин неІарш дІайоьллу бохучух лууш дерг дац, цу баттахь велларг массо ялсамане воьду бохург, цу баттахь-м керста а ма ле, делахь а, цунах лууш дерг - динца волуш, АллахІа де бохург лардеш, ма де бохург дуьтуш волуш, шен ламаз, марха долуш верг цу баттахь валар нисделча, цунна дІайиллина ю ялсаманин неІарш, амма вай ца олу, схьа а къастийна, цхьаннена а «хІара ялсамане ваха», АллахІа я Пайхамара (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) «хІара ялсамане гІур волуш ву» аьлла, тоьшалла динчунна бен, амма мархийн баттахь, шен динца волуш, марха долуш веллачун хаза чаккхе юй хаьа вайна, цунна дикачу агІора сатуьйсила а ю-кх вайн.

## 21-гІа хаттар: Жоьжахатин неІарш дІакъовлу бутт муьлхург бу хаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт бу хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу ХІурайрата (АллахІ реза хуьйла цунна) дийцина, АллахІан Элчано (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) элира

[46] Сахьи́хь: Наса́ий: 2104. Алба́нис сахьи́хь дина «Сала́тут-тара́ви́хь» жайнахь, агІо: 36

аьлла: **«Мархийн бутт тIебеъча стиглан неIарш дIайоьллу, жоьжахатин неIарш дIакъовлу».**[47]

-Ткъа мархийн баттахь жоьжахатин неIарш дIакъовлу бохучух лууш дерг дац, цу баттахь велларг массо а жоьжахатенах хьалхаволу бохург, цу баттахь-м керста а ма ле, делахь а, цунах лууш дерг - динца волуш, АллахIа де бохург лардеш, ма де бохург дуьтуш волуш, шен ламаз, марха долуш верг цу баттахь валар нисделча, цунна дIакъевлина ю жоьжахатин неIарш.

**22-гIа хаттар:** ШайтIанаш дIадоьхку бутт муьлхург бу хаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт бу хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Мархийн бутт тIебеъна шуна, беркате бутт бу шуна иза, оцу баттахь стиглан неIарш дIайоьллу, жоьжахатин неIарш дIакъовлу, харцхьара шайтIанаш дIадоьхку, оцу батта чохь АллахIан цхьа буьйса ю, эзар баттал еза йолуш, цуьнан диканах ваьккхинарг массо диканах ма ваьккхина».**[48]

-ЧIогIа харцхьара долу шайтIанаш бен дац цу баттахь дIадоьхкурш.

---

[47] Сахьи́хь: Буха́рий: 1899
[48] Сахьи́хь: Наса́ий: 2106. Алба́нис сахьи́хь дина «Мишка́тул-маса́би́хь» жайнахь: 1962

## 23-гIа хаттар: «ХIай дика дан луург, тIеверза» олий, кхайкхам маца бо хаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн баттахь бо хьуна, цуьнан тоьшалла:

Iарфажата дийцина, ша вара Iутбат ибн Фаркъад волчехь, цо мархийн баттах льацна хьехам беш, тIаккха Мухьаммадан (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) асхьабех цхьаъ чувеара шаьш долче, ткъа и гича Iутбата шен къамел сацийра, цунна хьалха къамел дан товш ца хетарна, тIаккха цо мархийн баттах дийцира, цо элира: «Суна хезира АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) олуш: **«Мархийн баттахь дIакъовлу жоьжахатин неIарш, ялсаманин неIарш схьайоьллу, шайтIанаш дIа а доьхку. Цу баттахь малико кхайкхар до мархийн бутт чекхбаллалц: «ХIай дика дан луург, кхаъ бу хьуна, хIай вон дерг лело луург, юхаверза», - олий»».**[49]

ХIара хьадис Имам Насáис кху кепара далийна: **«ХIай дика дан луург, тIеверза! ХIай вон дан луург, юхавала».**[50]

-Мархийн баттахь хIора дийнахь беш иштта кхайкхам болуш, муха лелар ву АллахIна Iеса хуьлуш, я муха хир вац АллахIна Iибадат даре сихо еш, я муха кхобур бац АллахIа фарз бина тIебиллина мархийн бутт?!

---

[49] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 18795. Арнау́тIа сахьи́хь дина

[50] Сахьи́хь: Наса́ий: 2107. Алба́нис сахьи́хь дина

**24-гIа хаттар:** Ялсамани чу баха хьакъ болчех хила лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхобучех хила, ялсамане ваха хьакъ вен Iамалех цхьаъ ю хьуна иза, цуьнан тоьшалла:

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«АллахIах а, Цуьнан Элчанах а тешаш, ламаз а деш, мархийн бутт а кхобуш хилларг ялсамане вахийта АллахIна тIехь хьакъ хилла-кх, АллахIан новкъахь цо жихIад динехь а, я ша винчу махкара ара ца волуш иза Iийнехь а».**[51]

-ЖихIад деш волчун а, жихIад деш воцчун а ялсаманехь даржаш цхьатерра хир ду бохург дац иза, Имам ибн Хьажар Iаскъала́нис иза билгал ма-дарра,[52] ялсамани чу жихIад динарг, ца динарг водахь а, цу чохь даржаш бес-бесара хир ду хIоранан.

-АллахIа фарз бина тIебиллина мархийн бутт кхобуш воцург ца хуьлу-кх цу ялсамане баха хьакъ хиллачарна юккъехь.

[51] Сахьи́хь: Буха́рий: 2790
[52] Фатхьул-ба́рий, агIо: 7/52

**25-гIа хаттар:** Ялсаманин охIлунах вен Iамал езий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхобучех хила, ялсаманин охIлунах вен Iамалех цхьаъ ю хьуна иза, цуьнан тоьшалла:

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина: «Цхьа Iарби веара Пайхамарна (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIе, цо элира: **«Цхьа Iамал йиийцахьа суна, ас и йича ялсамане гIур волуш».** Пайхамара элира: **«АллахIна Iибадат де ахь, цхьана хIуманна тIехь Цуьнца накъост ца веш, фарз ламаз деш хила хьо, фарз долу закат дIало ахь, мархийн бутт а кхаба ахь».** Цу стага элира: **«Сан дегI Шен керахь долчуьнца чIагIо ма йо ас, кхин сов вер ма вац со».** ТIаккха иза дIавахча Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира: **«Ялсаманин охIлунах волчу стаге хьажа лууш верг цуьнга хьожийла»».**[53]

-АллахIа фарз бина тIебиллина мархийн бутт кхобуш воцург ца хуьлу-кх цу ялсаманин охIлунах болчарна юккъехь.

**26-гIа хаттар:** Мархийн бутт кхабаран бекхам бевзий хьуна?

**Жоп:** Шен бекхам ялсаманица болчу Iамалех цхьаъ ю хьуна иза, цуьнан тоьшалла:

Абу Ума́мата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) Iодика яран хьаж деш бинчу хьехамехь олуш хезира шена аьлла:

---

[53] Сахьи́хь: Буха́рий: 1397

**«Шайн Дела волчу АллахIах кхералаш, шайн пхи ламаз делаш, шайн мархийн бутт кхабалаш, шайн даьхни тIера закат дIалолаш, шайна тIехIиттийначарна муьтIахь хилалаш, тIаккха шайн Делан ялсамани чу гIур ду шу».**[54]

-«Шайна тIехIиттийначарна муьтIахь хилалаш» бохучун Iеламнаха бес-бесара маьIнаш дина, ткъа Жа́бир ибн IабдуллахIа а, Хьасана а, Абу Iа́лийата а цигахь буьйцурш Iеламнах бу аьлла.[55]

-Ткъа хьо мархийн бутт кхобуш ца хилча, «шайн Делан ялсамани чу гIур ду шу» бохучарна юкъаваха Iамал кхочуш ца хуьлу-кх хьан!

## 27-гIа хаттар: Бусалба динан баххех хIун ду хаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхабар ду хьуна, бусалба динан баххех цхьа бух, цуьнан тоьшалла:

Ибн Iумара (АллахI реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Бусалба дин пхеа хIуманна тIедоьгIна ду: АллахI воцург кхин Дела цахиларца, Мухьаммад Цуьнан элча хиларца тоьшалла дар, ламаз дар, закат дIадалар, Хьаьж-цIа вахар, мархийн бутт кхабар».**[56]

[54] Сахьи́хь: Тирмизий: 616. Албáнис сахьи́хь дина «Мишкáтул-масáби́хь» жайнахь: 571
[55] Тухьфатул-ахьвазий, агIо: 3/193
[56] Сахьи́хь: Бухáрий: 8

-Мархийн бутт кхобуш воцург бусалба динан баххех цхьа бух юкъахбуьтуш ву.

## 28-гӀа хаттар: Хьайн дӀа мел даханчу къиношна гечдан лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхобучех хила, АллахӀа дӀадаханчу къиношна гечдийр ду хьан, цуьнан тоьшалла:

Абу ХӀурайрата (АллахӀ реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) элира аьлла: **«Мархийн бутт АллахӀа фарз бина тӀебиллина хиларх тешаш волуш, Цуьнгара йоле са а туьйсуш мархийн бутт кхаьбначунна, дӀа мел даханчу къиношна гечдийр ду».**[57]

-Кегий къинош ду гечдеш дерш, ткъа даккхийчу къиношха хӀора доккхачу къинна шен-шена гечдар деха деза АллахӀе.

-Ткъа шарчохь мел дукха гулделла хир ду кегий къинош вайх хӀораннан а, оцу шайн дукхаллица АллахӀа гечдеш хилча, ахь цхьа мархийн бутт кхаьбчхьана, хӀун хала ду АллахӀа фарз бина тӀебиллина мархийн бутт кхаба шарчохь?!

[57] Сахьи́хь: Буха́рий: 2014

**29-гIа хаттар:** Шина шарахь ахь мархийн бутт кхаьбча хIун хуьлу хаьий хьуна?

**Жоп:** Цу шина мархийн баттана юккъехь ахь летийначу къиношна гечдо, цуьнан тоьшалла:

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) олура аьлла: **«Пхи ламаз а, цхьана рузбанера важа рузба тIекхаччалц а, цхьана мархийн баттара важа мархийн бутт тIекхаччалц а шайна юккъехь эгначу къиношна гечдеш ду хьуна, даккхийчу къиношха хьо ларвелчхьана».**[58]

-Кегий къинош ду гечдеш дерш, ткъа даккхий къинош летош хиллехь, кху хьадисана юкъа гIур вац.

**30-гIа хаттар:** ШахIидийн дарж дезий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхобучех хила, шахIидийн дарже кхачон волчу Iамалех цхьаъ ю хьуна иза, цуьнан тоьшалла:

Iамр ибн Муррат ЖухIанис (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, цхьана стага, Пайхамарна (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIевеъна, хаьттира: **«ХIун аьлла хета хьуна, хIай АллахIан Элча, ас АллахI воцург кхин Дела цахиларца, хьо АллахIан Элча хиларца тоьшалла дича, пхи ламаз дича, закат дIаделча, мархийн бутт кхаба а кхобуш, цу баттахь буьйсанаш денийча, хьанах хир ву со?».**

[58] Сахьи́хь: Муслим: 233

Пайхамара элира: **«Бакълуьш болчех а, шахIидех а хир ву».**[59]

-Ткъа мархийн бутт ца кхобург гIур вац кху хьадисана юкъа, оццул лакхарчу даржана юкъара ца вала муха кхобур бацара тIаккха мархийн бутт?!

**31-гIа хаттар:** Шарахь марханаш кхаьбнарг хила лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхабий, цул тIаьхьа хIора баттахь кхо марха кхаба, шарахь марханаш кхаьбча санна ял хир ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу Iалайхlи ва саллам) олуш хезира шена аьлла: **«Собаре бутт а кхаьбна,**[60] **хIора баттахь кхо марха кхабар - шеран марханаш кхабар санна ду».**[61]

-Мархийн бутт кхаьбча, цул тIаьхьа хIора баттахь кхо марха кхобуш а хилчхьана, дийнна шарахь марханаш кхаьбча санна ял хуьлу хьуна АллахIна гергахь. Ткъа иза муха нисло аьлча, мархийн бутт кхаьбна ахь, юха баттахь кхо марха кхаьбча, дийна бутт кхаьбча санна ял хуьлуш ю, АллахIа бохун дела Шен сийлахьчу Къуръанчохь: **«Цхьа дика динчунна итт дика дича санна дIаяздийр ду».**[62] ТIаккха

---

[59] Сахьи́хь: Сахьи́хь Ибн Хьибба́н: 3438. Арнау́тIа сахьи́хь дина
[60] Мархийн бутт бу иза
[61] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 7577. Арнау́тIа сахьи́хь дина
[62] Сурат: АнIа́м, а́ят: 160

ахь хIора баттахь кхо марха мосазза кхобу и дийнна бутт кхаьбча санна хуьлуш ду, иштта хIора баттахь кхо марха кхобуш ахь шо дIадаьхьча, шеран марханаш кхаьбча санна ял хуьлу хьуна АллахIна гергахь, мархийн беттаца лаьрча а кхаьбнарг 62-63 марха бен доццушехь, оццул комаьрша вукх АллахI вайца. ХIара вай ма-дийццара хилар тIечIагIдо лакхарчу хьадисан маьIна билгалдечехь а. [63] Иштта Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) кхечу хьадисехь ша билгалдина шеран марханаш кхабар цунах муха нисло, цо аьлла: **«Хьуна кхачаме ду хIора баттахь кхо марха кхаьбча, иза дийна шеран марханаш кхабар санна ду, ахь мел дечу диканах хьуна итт дика яздеш долун дела».**[64]

-Ткъа и хIора баттахь кхобуш долу кхо марха хIижрин рузманца 13,14,15 денош нисдалийтар деза ду, цуьнан тоьшалла:

Абу Зарра (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира шега аьлла: **«Айхьа баттахь кхо марха кхобуш хилахь, 13,14,15 денош кхабалахь».**[65]

-Амма и кхо де къаста ца деш, кхечу деношкахь кхаба а мегаш ду и кхо марха, цуьнан тоьшалла:

---

[63] Муснад Ахьмад, агIо: 13/23

[64] Сахьи́хь: Буха́рий: 1975

[65] Хьасан: Тирмизий: 761. Алба́нис хьасан дина «Ирва́ул-гIали́л» жайнахь: 947

МуІáзата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамаран (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) хIусамнана йолу Iáишате (АллахI реза хуьйла цунна) хаьттира ша аьлла: **«АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) хIора баттахь кхо марха кхабарий?».** Iáишата жоп делира: **«Кхобура», -** аьлла. ТIаккха ас хаьттира: **«Баттахь муьлха деношкахь кхобура цо?».** Iáишата жоп делира: **«Муьлхха а деношкахь кхобура, къеста ца дора цо денош».**[66]

-ТIекI-тIекIел кхаба дезаш а дац уьш, юкъа хан йолуьйтуш цхьацца кхаба а йиш ю, Шайх Iусайми́на а (АллахIа къинхетам бойла цунах) цунах дерг иштта билгал ма-дарра, хIинцца вай далийна хьадис тоьшаллина а далош.[67]

**32-гIа хаттар:** Хьаж дича санна ял езий хьуна?

**Жоп:** Мархийн баттахь Iумрате гIо, Хьаьж-цIа вахча санна ял хир ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

Ибн Iаббáса (АллахI реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Мархийн баттахь дина Iумрат хьаж санна лоруш ду[68]».**[69]

-Мархийн баттахь Iумрат дича хьаж дар тIера долу бохург дац иза, делахь а, хьаж дича санна ял хуьлу бохург ду, Имам

---

[66] Сахьи́хь: Муслим: 1160
[67] Мажму́I фатáвá, агIо: 20/12
[68] ХIара хьадис Бухáрий а, Муслим а чохь дийцина ду, делахь а, Ибн МáжахI чохь дерг хаьржира вай доца, атта дешнашца аьлла хиларна
[69] Сахьи́хь: Ибн МáжахI: 2994. Албáнис сахьи́хь дина «Ирвáул-гIали́л» жайнахь: 869

Наваvис а (АллахIа къинхетам бойла цунах) цунах дерг иштта билгал ма-дарра.[70]

-Марха кхабар доцург, кхийолу Iамал шена чохь йича а оццул еза лоруш АллахIа базбина, кхаба вайна фарз бина а болу мархийн бутт муха буьтур бу тIаккха ца кхобуш?!

**33-гIа хаттар:** Пайхамарца (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) хьаж динарг хила лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн баттахь Iумрате гIо, Пайхамарца (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) Хьаьж-цIа вахча санна ял хир ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

Ибн Iаббáса (АллахI реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Мархийн баттахь дина Iумрат соьца дина хьаж санна лоруш ду».**[71]

-Пайхамарца (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) Хьаьж-цIа вахча санна ял ю-кх хьуна мархийн баттахь хьо Iумрате вахча, ойла ехьа, АллахIа мел базбина и мархийн бутт! ТIаккха муха кхобур бац шарчохь цкъа бен богIуш а ца хилча?!

[70] МинхIáж фи́ шархьи сахьи́хьи муслим, агIо: 9/5
[71] Сахьи́хь: Бухáрий: 1863

**34-гӀа хаттар:** АллахӀа Шен маликашна юккъехь хьуо хасто лаьий хьуна?

**Жоп:** Марха лаца Іуьйкъана гІоттуш хила, АллахІа Шен маликашна юккъехь хастор ву хьо, цуьнан тоьшалла:

Ибн Іумара (АллахІ реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахІан Элчано (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) элира аьлла: **«АллахІа а, Цуьнан маликаша а салаваташ дохку Іуьйкъанна[72] гІовттуш болчарна».**[73]

-АллахІа Шен лена салават диллар бохург Шен маликашна юккъехь АллахІа и хастор ду. Ткъа маликаша лена салават диллар бохург маликаша цу лена доІа дар ду, гечдар дехар ду, Имам Буха́рис а (АллахІа къинхетам бойла цунах) цунах дерг иштта билгал ма-дарра.[74]

-Ткъа мархина кечамна хьалагІоттуш волчун дозалла иштта хилча, и марха кхобуш волчун мел дозалла хила деза?!

---

[72] Марха лаца

[73] Сахьи́хь: Сахьи́хь Ибн Хьибба́н: 3467. Арнау́тІа сахьи́хь дина

[74] Сахьи́хь Буха́рий, агІо: 1220

**35-гIа хаттар:** Марха долуш валаран дозалла девзий хьуна?

**Жоп:** Марха долуш веллачунна ялсамани ю хьуна, цуьнан тоьшалла:

Хьузайфата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Марха долуш валар нисделларг ялсамане гIур ву».**[75]

-Ткъа АллахIа Шен лен валар нисдолуьйту, ша дуьненчохь дукха лелош долчу хIуманна тIехь. Хьо марханаш дукха кхобуш велахь, АллахIа марха долуш я тIаьххьарлера Iамал марха кхабар йолуш валар нисдийр ду хьан, иштта валар нислахь Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) ялсамани ю боху хьуна. ТIаккха АллахIа фарз бина тIебиллина мархийн бутт а кхобуш воцург кхачор вуй те цу дозалле, иштта хаза валар а нисдийр дуй те цуьнан АллахIа?!

**36-гIа хаттар:** Жоьжахатих хьалхабитинчех хила лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхобучех хила, АллахIа хьуо жоьжахатих хьалхавитаре сатийсам хила меттиг хир бу хьан, цуьнан тоьшалла:

Жáбира (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«АллахIан хIора марха достучу хенахь жоьжахатих**

---

[75] Сахьи́хь: Муснад Баззáр: 2854. Албáнис сахьи́хь дина «Сахьи́хь таргIи́б ват-тархIи́б» жайнахь: 976

**хьалхабуьтуш леш бу, ткъа иза хIора сарахь а хуьлуш ду».**[76]

-ХIора сарахь АллахIа Шен лешна юккъера «хIара Сан леш жоьжахате гIур бац» бохуш, хьалхабуьтуш леш бу, ткъа хьо мархийн бутт кхобуш а ца хилча царна юккъехь хьайна меттиг хир бу аьлла хетий хьуна?!

**37-гIа хаттар:** Хьайн доIанна жоп дала лаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт кхобучех хила, цу баттахь марха долуш дина долчу доIанна жоп луш ду хьуна АллахIа, цуьнан тоьшалла:

Абу ХIурайрата я Абу СаIи́да [77] (АллахI реза хуьйла цушинна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«(Мархийн баттахь) АллахIан хIора дийнахь а, буса а леш бу жоьжахатих хьалхабуьтуш, цу хIора ленан цхьана доIанна жоп а лур ду хIора дийнахь».**[78]

-Марха кхобуш хьо велахь, цу марха долчу хIора дийнахь АллахIа хьан цхьана доIанна жоп луш ду, ткъа оцу цхьана доIанехь шортта хIуманаш деха йиш ю хьан.

-Амма маца дийр ду и доIа аьлча, мелла марха досту хан герга яийтина дийр ду, хIунда аьлча уггар хьо кIадвелла, мацвелла, хьан дог-ойла айбаелла йоцу хан ю иза, иштта

[76] Сахьи́хь: Ибн Ма́жахI: 1643. Алба́нис сахьи́хь дина
[77] Цу шиннах муьлхачо дийцинера шекваьлла хьадис хезнарг
[78] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 7450. Арнау́тIа сахьи́хь дина

хьолехь волуш АллахIна хьаставалар, дехар даггара хуьлу, иштта цунах дерг Шайх Iусаймина, Шайх Мухьаммад Хьасса́на билгал ма-дарра.

**38-гIа хаттар:** Кошан Iазапах ларвала лаьий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, кошан Iазапах хьо ларвийр волчу Iамалех цхьаъ ю хьуна иза, цуьнан тоьшалла:

Абу́ ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Велларг шен каш чу дIавоьллича, ша дIавоьллина нах дIабоьлхуш церан мачийн лар хеза цунна. Нагахь иза муъмин хиллехь, цо деш хилла ламаз цуьнан коьртехь хир ду, цо кхобуш хилла марха цунна аьтто агIора хир ду, цо луш хилла закат цунна аьрро агIора хир ду, цо деш хилла диканаш - сагIа дерг, гергарло хоттор дерг, дика дерг де олуш хилар а, нахана дика дар а цуьнан шина когехь хир ду. (Iазап луш долу маликаш) цуьнан коьрта агIора каш чу гIоьртича, ламазо эр ду: «Кху агIора чудогIийла яц». ТIаккха аьтто агIора чугIоьртича, цуьнан мархано эр ду: «Кху агIора чудогIийла яц». Цул тIаьхьа аьрро агIора чугIоьртича, цуьнан закато эр ду: «Кху агIора чудогIийла яц». ТIаккха цуьнан когаш болчу агIора чугIоьртича цо деш хилла долчу диканаша эр ду, сагIа даларх а, гергарло хотторах а, дика дерг де аларх, нахана дика дарх а долчу: «Кху агIора чудогIийла яц»».**[79]

[79] Хьасан: Сахьи́хь Ибн Хьибба́н: 3113. Арнау́тIа хьасан дина

-Ткъа хьо марханаш кхобучех ца хилча, хьуна Iазап дала аьтто агIора маликаш хьан каш чугIоьртича, уьш совца стен дийр ду а я духа стен тухур ду хьох?!

**39-гIа хаттар:** Жоьжахатих ларвала чIогIа гIап езий хьуна?

**Жоп:** Марханаш кхобучех хила, жоьжахатих хьо ларван чIогIа йолу гIап ю хьуна иза, цуьнан тоьшалла:

Абу ХIурайрата (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Марха цIерах ларвеш турс ду, чIогIа хин йолу гIап а ю жоьжахатих ларвеш».**[80]

-Ткъа АллахIа фарз бина тIебиллина мархийн бутт а кхобуш воцчунна муха хир ю жоьжахатих ларван гIап?!

**40-гIа хаттар:** АллахIа жайнаш диссийна бутт муьлхург бу хаьий хьуна?

**Жоп:** Мархийн бутт бу хьуна, цуьнан тоьшалла:

Ва́силат ибн АскъаIа (АллахI реза хуьйла цунна) дийцина, АллахIан Элчано (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) элира аьлла: **«Ибра́хIи́ме тептарш диссийна - мархийн беттан дуьххьарлера буса. Тавра́т доссийна - мархийн беттан 6-гIа буса. Инжи́л доссийна - мархийн беттан 13-гIа буса.**

[80] Сахьи́хь: Муснад Ахьмад: 9225. Арнау́тIа сахьи́хь дина

**Забу́р доссийна - мархийн беттан 18-гIа буса. Къуръан доссийна - мархийн беттан 24-гIа буса».**[81]

-И дерриг жайнаш шена чохь диссорца АллахIа и къасторах билгалдолу мархийн беттан дозалла, оццул АллахIа базбина бутт кхаба хIун хала ду, шарчохь цкъа бен богIуш а ца хилча, и кхабар АллахIа вайн фарз дина а хилча?!

*«Уьш белхьара шайна дечу хьехарца Iамал еш, шайна гIоли ма дара царна».* *[Сурат: Нисáъ, аят: 66]*

*Хастам бу Шен ниIматашца диканиг кхочуш хуьлуьйтуш волчу АллахIна. АллахIера салават а, салам а хуьйла Iаламех къинхетам бан вайтинчу вайн Пайхамарна!*

[81] Хьасан: МуIжамул-авсатI: 3740. Албáнис хьасан дина «Сахьи́хьул-жáмиI» жайнахь: 1497